

31

jiyè

Jezi reponn li : Mat, Mat w ap trakase tèt ou. W ap bat kò ou pou yon bann bagay. Men, se yon sèl bagay ki nesèsè. Se li Mari chwazi, yo p ap janm wete l nan men li. Lik 10. 41, 42

Koute ak Sèvi

Jezi ap pale ak nou : li Lik 10. 38-42

Jezi te antre ansanm ak disip li yo lakay Mat ak Mari, sè li. Mari te chita nan pye Jezi li t ap koute pawòl li yo. Mat menm t ap fatige kò l ak tout kalite travay ki te pou fèt nan kay la. Lè sa a, li vin di : Mèt, sa pa fè ou anyen pou wè sè m nan kite m ap fè tout travay la pou kont mwen ? “Jis di l ede m non”.

Pètèt, nou ta ka fè menm bagay ke Mat, devan konpòtman Mari, ki pa gen sans pratik travay fanm dwe fè nan kay. Jezi pa wè bagay yo menmjan. Avèk afeksyon li esiste pou l di : “Mat, Mat” ; paske li te vle atire atansyon Mat sou yon bagay esansyèl. Ou pa bat kò ou pou yon bann bagay. Se yon sèl bagay ki nesèsè.

Se li Mari chwazi. Yo pap janm wete l nan men li, ni nan tan sa a, ni nan tan k ap vini. Sa ki nesèsè se sa ki itil. Gen yon sèl bon abitud, e se menm bagay pou tout : Chita nan pye Senyè a pou koute l, epi sèvi li.

Mat p at fè anyen ki mal paske li t ap fè travay nan kay la, men li p at dwe ap trakase tèt li, paske l pa ka fè tout travay yo. Tou sa ki fè nou pa gen tan pou Jezi, ap nwi kalite vi kretyèn nou, oubyen kominyon nou ak Mèt la. Ann imite egzanp Mari a, ki te fè pi bon chwa a, li te pran tan koute pawòl Mèt la, pito li te nan kizin ap fè manje, e ann gen zèl tankou Mat nan travay Senyè a, paske Mat t ap trakase tèt li pou prepare bagay pou Mèt la ak disip li yo.

31 juillet

Jésus lui répondit : Marthe, Marthe, tu t'inquiètes et tu te tourmentes de beaucoup de choses ; mais il n'est besoin que d'une seule, et Marie a choisi la bonne part, qui ne lui sera pas ôtée. Luc 10. 41, 42

Écouter et servir

Jésus nous parle : lire Luc 10. 38-42

Jésus et ses disciples sont reçus dans la maison de Marthe et de Marie. Le travail ne manque pas, et Marthe est très occupée à tout préparer, alors que Marie est assise aux pieds du Maître et l'écoute. Marthe, irritée, s'approche alors du Seigneur et lui demande, d'un ton de reproche : "Dis-lui donc de m'aider".

Peut-être aurions-nous agi de même devant l'absence apparente de sens pratique chez Marie. Jésus ne voit pas les choses ainsi. Avec affection, il interpelle Marthe avec insistance : "Marthe, Marthe", car il veut attirer son attention sur un point important. L'essentiel n'est pas d'être actif jusqu'à l'inquiétude, mais de saisir toutes les occasions pour l'écouter avec affection et respect.

Ainsi "Marie a choisi la bonne part, qui ne lui sera pas ôtée", ni pour le présent, ni pour l'éternité. La bonne part, c'est celle qui est utile. Il n'y a qu'une bonne attitude, et elle est la même pour tous : être d'abord aux pieds du Seigneur pour l'écouter, et ensuite le servir.

Marthe n'avait pas tort de servir, mais elle n'aurait pas dû être "distraite par beaucoup de service". Tout ce qui nous détourne du Seigneur nuit à la qualité de notre vie chrétienne. Appliquons-nous donc à imiter l'exemple de Marie qui prenait le temps de recevoir avec bonheur la parole de Jésus, et soyons zélés comme Marthe pour servir le Seigneur.